

## KISA TRAVAYÈ YO DWE KONNEN

*Administrasyon Trump lan te mete fen nan Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou sis peyi – Salvadò, Ayiti, Ondiras, Nepal, Nikaragwa ak Soudan, e tribinal yo kounye a te otorize pou anilasyon sa yo fèt. Si oumenm oswa yon moun pwòch ou oswa kòlèg travay ou se yon sitwayen peyi sa yo ki gen TPS la, men enfòmasyon enpòtan ke ou dwe konnen:*

### **Kisa desizyon tribinal la vle di pou estati mwen?**

Delè pou anilasyon TPS yo pa fin sèten toujou. Kontestasyon legal yo ap kontinye, epi dat pou mete fen pou chak peyi ap varye. Pou kounye a, pi plis nou ka di avèk sètitud, sèke pi bonè nenpòt ki travayè TPS ka pèdi estati li se 5 Mas 2021.

### **Kisa ekstansyon otomatik nan otorizasyon travay vle di?**

Ekstansyon otomatik la vle di ou ka travay legalman apre dat ekspirasyon ki enprime sou pèmi travay, oswa Dokiman Otorizasyon Travay ou an (Employment Authorization Document, EAD) jiska dat ki endike anwo a. Tout sa ou gen pou fè se montre patwon ou yon kopi avi rejis federal la ki koresponn ak peyi w. Ou ka jwenn li nan [uscis.gov/tps](https://uscis.gov/tps).

### **Kisa mwen ta dwe fè si patron m ap ban m pwoblèm?**

Si patron w konteste kapasite w pou travay pandan ou nan peryòd ekstansyon valab pou pèmi travay ou, kontakte sendika w imedyatman. Yo bay yon modèl lèt anba a ki endike pwèn esansyèl yo ou ta dwe pataje avèk travay ou.

### **Ki mezi mwen dwe pran pou prepare pou pèt Estati Pwoteksyon Tanporè a?**

Chak ka chak moun inik, kidonk li enpòtan pou ou etidye opsyon ou genyen yo avèk yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans ak bon repitasyon. Kontakte Reprezantan Sendika w pou sipò ak pou yon referans, ak pou aprann plis sou dispozisyon konkrè ou ka pran pou ou gen kapasite ak pou ou prepare nan peryòd ensèten sa a.

### **Kisa Kongrè a ap fè pou abòde pwoblèm sa a?**

An 2019, Chanm Reprezantan an te pase yon lwa solid ki ta bay yon chemen pou sitwayènte pou tout travayè TPS yo; kounye a Sena dwe fè menm bagay la. Sendika yo ap fè presyon tou pou yon solisyon pou travayè TPS yo nan lòt lejislasyon. Mouvman sendikal la ap avèk ou nan lit pou jistis pou fanmi TPS yo jiskaske nou garanti yon viktwa dirab.